Konsèy Jistis Anviwònmantal (EJC)

Reyinyon #27

Jedi 13 Out, 2026

Lokal: First Congregational Church, 4 Main Street, Stockbridge, MA 01262
6:30 p.m.jiska 8:00 p.m.

Minit Reyinyon

Lokal reyinyon an: An pèsòn

Dokiman reyinyon: Ajanda, Slides

Manm konsèy yo:

- María Belén Power – an pèsòn
- Marcos Luna – an pèsòn
- Jen Salinetti – an pèsòn

- Melissa Ferretti – adistans/vityèl
- Peter Maathey - adistans/vityèl
- Cheryll Holley – adistans/vityèl
- Sofia Owen – adistans/vityèl
- Caroline Hon – adistans/vityèl
- Patricia Spence – adistans/vityèl
- Madeline Fraser Cook – adistans/vityèl

- Harleen Marwah – absan
- Lydia Lowe – absan
- Paula Garcia – absan
- Miles Gresham – absan

1. **Byenvini/Akèy epi Apèsi sou Lojistik Reyinyon an**
   María Belén Power te akeyi tout patisipan yo.

   Sophia Spungin te bay yon apèsi sou lojistik reyinyon an, ki enkli itilizasyon bwat kesyon ak repons (Q&A) ak disponibilite entèprèt yo.

2. **Apèsi sou ajanda a**
   María Belén te revize ajanda reyinyon an.

3. **Apèl pou Prezans/Apwobasyon Minit Reyinyon Anvan yo**

María Belén te fè apèl pou prezans manm EJC yo. Nan kòmansman reyinyon an, manm konsèy sa yo te prezan: Madeline Fraser Cook, Melissa Ferretti, Cheryll Holley, Caroline Hon, Marcos Luna, Peter Maathey, Sofia Owen, Jen Salinetti, Patricia Spence

Men manm konsèy ki pa t prezan yo: Lydia Lowe, Harleen Marwah, Miles Gresham, Pula Garcia

María Belén te ouvri deba a pou yon mosyon pou apwouve minit reyinyon EJC #26 ki te fèt 11 Jwen 2026 la. **Patricia Spence** te bay yon mosyon pou apwouve li. **Jen Salinetti** te sipòte apwobasyon mosyon an. Sis manm konsèy te apwouve minit yo epi kat te abstni/enpasyal.

4. **Premye Sesyon Kesyon ak Repons Piblik la**

Patisipan piblik vityèl yo te bay kòmantè ak kesyon:

- Yon patisipan ki soti nan zòn Great Barrington te pataje ke konstriksyon nouvo sant done nan konte Berkshire yo se yon sous enkyetid akoz anprent kabòn potansyèl la ak deranjman potansyèl pou abita ak sante moun.

Lis Kòmantè nan sesyon Kesyon ak Repons lan anba a

#	Kòmantè ak Kesyon	Non moun ki poze kesyon an	Repons
1	Konsènan pwosesis petisyon pou deziyasyon EJ yo te diskite nan reyinyon mwa Avril la: Èske nou gen yon delè pou finalizasyon pwosesis sa a? Èske moun ki gen petisyon aktyèl yo ap oblije aplike ankò? Èske Konsèy la gen otorite pou konnen konbyen kominote kay prefabrike ki te pèdi estati EJ yo avèk resansman 2020 la? Mèsi davans.	Kristen Mello	María Belén Power te fè konnen ekip legal la ap finalize bouyon règleman yo epi li ta dwe kapab bay règleman ki an mizajou yo nan pwochen reyinyon EJC a.

5. **Prezantasyon sou Sant Done**

Pòtpawòl **Melissa Lavinson, Direktè Transfòmasyon Enèji**, te bay yon apèsi sou yon nouvo kad yo te prezante ki te pibliye 25 Jwen 2026 la pou etabli atant klè pou devlopman responsab sant done yo pou gide ajans leta, minisipalite, ak moun k ap fè politik yo. Melissa Lavinson te bay enfòmasyon jeneral sou sant done yo, devlopman yo nan eta Massachusetts, epi li te revize prensip nouvo kad la ak pwochen etap yo.

Manm Konsèy yo te poze kesyon sou lòt mekanis regilasyon, alinyeman sou definisyon enèji pwòp, kapasite sant done yo pou itilize dlo ki pa potab, egzistans sant done aktyèl yo ak lòt kad konplè atravè peyi a, epi yo te ankouraje pou rann enfòmasyon sou devlopman kad la aksesib pou tout moun. Manm Konsèy Marcos Luna te mande klarifikasyon sou konbyen sant done ki egziste nan Massachusetts ak pèfòmans yo jiskaprezan. Melissa Lavinson pral pataje enfòmasyon sa yo ak manm Konsèy EJ yo.

6. **Dezyèm Sesyon Kesyon ak Repons Piblik**

Patisipan piblik yo, ni an pèsòn ni sou entènèt, te fè kòmantè epi poze kesyon:

- Yon patisipan te mande konbyen espas (an pye kare) pi gwo sant done ki egziste kounye a nan Massachusetts la genyen, ki sitiye Boston, ak posiblite pou re-itilize estrikti ki pa twò itilize yo pou mete sant done ladan yo.
- Yon patisipan te mete aksan sou nesesite pou swiv Kad Plan Enèji Pwòp ak Klima MA a epi li te poze kesyon sou enpak prevwa sant done yo ka genyen sou pwogrè a.
- Yon patisipan te mande ki otorite ki pral suiv konpayi sèvis piblik yo pou "deplasman depans" epi si rezo a ap mete ajou kontinyèlman pou atenn objektif emisyon an alavni.
- Yon patisipan te mande enfòmasyon sou pwojè lwa yo te mansyone kòm yon pati nan inisyativ lejislasyon enèji ki pi elaji yo. Melissa te pataje Pwojè Lwa Sena MA S3166 ak Pwojè Lwa Chanm Depite H5175.

Lis Kòmantè nan sesyon Kesyon ak Repons lan anba a

#	Kòmantè ak Kesyon	Non moun ki poze kesyon an	Repons
1	Lokasyon Lokasyon Lokasyon! Èske gen okenn enkyetid sou idantifye lokal kote sant done (sitou ipè-sant done) pa ta dwe egziste ditou oswa pa ta dwe plase? Se jis yon panse!	Anonim	Melissa Lavinson te reponn ke si gen yon sant done ki pi gwo, yo dwe itilize pwòp sous jenerasyon pa yo. Kòm rezilta sa, yo dwe pase devan Komisyon pou Plase Etablisman Enèji a, sa ki deklanche yon evalyasyon sou konfòmite lokal la. Leta ap travay sou yon zouti itilizasyon tè ki pi elaji pou evalye diferan kouch an sa ki gen rapò ak itilizasyon tè a.
2	Tanpri, fè anpil atansyon pou w mennen ankèt sou teknoloji refwadisman ki ozalantou sant done yo, ak sou akò yo genyen ak manifakti PFAS yo. Devlopman sa yo pa gen plas yo sou akwifè nou yo oswa nan vale ki antoure ak mòn. Desizyon nou pran kounye a ka fè kominote nou yo vin pa abitab si nou pa fè atansyon ak konsekans yo. https://www.chemours.com/en/news-media-center/all-news/press-releases/2025/chemours-and-datavolt-announce-agreement-to-accelerate-adoption-of-liquid-cooling-solutions	Kristen Mello	Yo pa t reponn kesyon sa.

3	Pandan devlopè sant done nan lòt zòn nan Nòdès la ap achte izin k ap pwodui elektrisite nan moman pik konsomasyon kòm yon estrateji pou yo gen pwòp elektrisite pa yo, ki efò leta ap fè pou anpeche izin sa yo ki polye anpil rete ap fonksyone olye pou yo dekabònize?	Brittany Ebeling	Melissa Lavinson te pataje ke EEA ap fè rechèch sou kesyon sa a depi 18 mwa, kote yo ap etidye divès etablisman atravè Massachusetts kòm yon dosye pou yo etidye. EEA ap etidye politik yo ni nan nivo rejyonal ni nan nivo leta, epi yo gen pou pibliye yon rapò nan mwa septanm.

7. Pwochen Etap ak Levèy

María Belén te raple manm konsèy yo pwochen reyinyon an ki se **8 oktòb, kote l ap fèt la poko anonse.**

María Belén te mande yon mosyon pou ajoune reyinyon an. **Melissa Ferretti** te pwopoze mosyon an. **Sofia Owen** te sipòte l. Sophia Spungin te fè apèl non pa non, e tout manm konsèy ki te prezan yo te apwouve. Reyinyon an te ajoune a **7:57 pm**.